


KAPAB GEN INONDASYON,



NENPÒT KOTE KI GEN LAPLI

ENPÒTANS ASIRANS KONT INONDASYON





KI ENPÒTANS ASIRANS KONT INONDASYON GENYEN?

Asirans kont inondasyon se yon asirans yo souvan neglije epi yo mal konprann, men se yon asirans ki enpòtan anpil pou tout moun ki ap viv Florida. Gen inondasyon lè gwo dlo koule sou tè ki nòmalman sèch. Asirans kont inondasyon pwoteje pwopriyete ou si yon inondasyon andomaje li.



Selon Resansman Ameriken an, an 2020, te gen plis pase 8.3 milyon kay nan Florida. An konparezon, selon Enstiti Enfòmasyon sou Asirans (Insurance Information Institute), se sèl anviwon 1.8 milyon pwopriyete kay Florida ki te gen kontra asirans kont inondasyon. Sa vle di se sèlman 22% nan kay Florida asirans kont inondasyon te pwoteje an 2020.

Viv an Florida rann asirans kont inondasyon patikilyèman enpòtan, paske nan Florida, gen gwo risk pou inondasyon fè dega materyèl akoz anpil zòn kotyè ak move tan. Ak yon pousantaj kay asirans kont inondasyon pwoteje ki tèlman fèb, pifò pwopriyete kay Florida pa gen pwoteksyon pou kay yo si inondasyon andomaje li.



Siklòn Michael te yon tanpèt ki pa t manke fè ravaj pou anpil moun ki ap viv Florida epi li te fè gwo inondasyon nan Florida. Ajans Federal pou Jesyon Ijans (Federal Emergency Management Agency, FEMA) rapòte Siklòn Michael, ki te yon siklòn kategori 5, te fè 13 pous lapli tonbe epi li te kreye onn tanpèt ki te rive 19 pye pi wo nivo lanmè a nan kèk Konte nan Florida.

Aprè dega Siklòn Michael yo, Biwo Règlemantasyon Asirans Florida a rapòte yo te depoze prèske 159,000 demann dedomajman materyèl ak aksidan, sa ki lakòz nou peye plis pase \$8.5 milya dola pèt, epi FEMA te resevwa plis pase 5,000 demann dedomajman pou inondasyon. Men, gen anpil moun ki t ap viv Florida ki te sibi dega akoz inondasyon men ki pa t gen asirans kont inondasyon malerezman.

Asirans kont inondasyon enpòtan anpil lè ou ap viv nan Florida!



ÈSKE OU KONPRANN ASIRANS KONT INONDASYON BYEN?

Èske deklarasyon pi ba yo vrè oswa fo?

Asirans pou pwopriyetè kay mwen an ap banmwen pwoteksyon kont dega yon inondasyon fè nan kay mwen an.

PA VRE. Pifò kontra asirans pou pwopriyetè kay PA bay pwoteksyon kont dega yon inondasyon fè nan kay oswa nan pwopriyete ou.

Kèk pous inondasyon p ap fè dega nan kay mwen pase sa.

PA VRE. Yon pous dlo kapab fè dega ki vo jiska \$25,000 nan kay ou, epi 18 pous dlo oswa plis kapab egzije yo repare sistèm elektrik ou a, sistèm chofaj la/refwadisman an, pòt ou, aparèy ou yo ak amwa ou yo.

Mwen pa bezwen asirans kont inondasyon, sof si kay mwen an nan yon zòn ki gen gwo risk pou li inonde.

PA VRE. FEMA rapòte dènye siklòn yo te fè inondasyon ki depase sa ki konn abitye genyen yo, epi plis pase 40% demann dedomajman yo prezante nan Pwogram Nasyonal Asirans kont Inondasyon (National Flood Insurance Program, NFIP) soti nan zòn ki pa prezante gwo risk inondasyon.

Menmsi ou nan yon zòn ki prezante risk inondasyon fèb oswa modere, pandan 30 pwochen lane yo, ou gen 5 fwa plis chans pou kay ou inonde pase pou kay ou pran dife.


ASIRANS POU PWOPRIYETÈ KAY fas a ASIRANS KONT INONDASYON

Egzamine senaryo ki rive souvan sa yo pou ou detèmine si se yon kontra asirans pou pwopriyetè kay oswa yon kontra asirans kont inondasyon ki pwoteje ou kont dega yo.



Yon tiyo nan kizin ou an pete epi li inonde kizin ou an pandan wikenn nan.

Yon kontra asirans pou pwopriyetè kay ta ofri pwoteksyon pou kizin ou paske dlo ki inonde kizin ou an pa reponn a definisyon inondasyon, paske dlo a pa t repann atè avan li andomaje kay ou a.



Gwo lapli fè yon lak ki toupre kay ou monte epi dlo lak sa a inonde kay ou.

Yon kontra asirans kont inondasyon ap pwoteje kay ou. Yon kontra asirans pou pwopriyetè kay PA t ap ofri ou pwoteksyon paske dlo ki andomaje kay ou a se yon dlo ki soti atè ki monte.

ÈSKE YON KONTRA ASIRANS POU PWOPRIYETÈ KAY OSWA YON KONTRA ASIRANS KONT INONDASYON OFRI PWOTEKSYON POU DEGA YO?



Kay ou a pa konstwi nan yon zòn ki ba. Pandan gwo lapli, dlo anpile alantou kay ou epi, tank lapli a kontinye tonbe, dlo a monte epi li inonde kay ou.

Yon kontra asirans kont inondasyon t ap ofri pwoteksyon pou kay ou. Yon kontra asirans pou pwopriyetè kay PA t ap ofri ou pwoteksyon paske dlo ki andomaje kay ou a se yon dlo ki soti atè ki monte.



Yon tanpèt fè yon branch bwa kase tonbe sou yon fenèt kay ou epi dlo lapli a filtre anndan kay ou apati fenèt ki kraze a epi li fè dega.

Yon kontra asirans pou pwopriyetè kay t ap ofri pwoteksyon pou kay ou a paske dlo ki antre apati fenèt ou ki kraze a pa t soti atè avan li fè dega nan kay ou a.



Kay ou a sou wout yon siklòn. Onn tanpèt la ak lapli siklòn nan fè dlo a monte alantou kay ou epi dlo a inonde kay ou.

Yon asirans kont inondasyon t ap ofri pwoteksyon pou kay ou a. Menmsi dlo a vini apati yon siklòn, yon kontra asirans pou pwopriyetè kay PA t ap ofri ou pwoteksyon paske dlo fè dega nan kay ou a se te dlo ki soti atè ki monte.



Yon tanpèt twopikal travèse rejyon ou an epi li fè ase lapli alantou kay ou a pou lakou ou a inonde epi pou dlo a monte ase wo pou antre lakay ou epi pou li fè dega.

Yon asirans kont inondasyon t ap ofri pwoteksyon pou kay ou a. Yon kontra asirans pou pwopriyetè kay PA t ap ofri ou pwoteksyon paske dlo ki andomaje kay ou a se yon dlo ki soti atè ki monte.



FASON POU OU KAPAB ACHTE ASIRANS KONT INONDASYON

Kounyeya ou konnen jan asirans kont inondasyon enpòtan pou moun ki ap viv Florida, kòman ou kapab achte yon kontra asirans kont inondasyon? Ou kapab achte yon kontra asirans kont inondasyon nan Pwogram Nasyonal Asirans kont Inondasyon (National Flood Insurance Program, NFIP) an oswa nan yon konpayi asirans ki gen lisans nan Florida pou vann asirans kont inondasyon.

ACHTE YON KONTRA ASIRANS KONT INONDASYON APATI PWOGRAM NASYONAL ASIRANS KONT INONDASYON AN

National Flood Insurance Program (Pwogram Nasyonal Asirans kont Inondasyon, NFIP) se yon pwogram ki bay pwopriyetè kay, lokatè ak antrepriz yon asirans kont inondasyon epi Federal Emergency Management Agency (Ajans Federal Jesyon Ijans, FEMA) jere li.



**NATIONAL FLOOD
INSURANCE PROGRAM**

Pou ou achte yon kontra NFIP, ou dwe kontakte yon ajan asirans oswa yon konpayi asirans ki patisipe nan NFIP la. Si ou bezwen èd pou ou jwenn yon ajan NFIP, ou kapab kontakte **Sant Apèl Referans NFIP (NFIP Referral Call Center) nan 1-800-427-4661** pou ou mande yon referans ajan NFIP oswa ale sou www.FloodSmart.gov/Flood-Insurance/Providers.

POU PWOPRIYETÈ KAY	POU ANTREPRIZ	POU LOKATÈ
Kontra NFIP ofri jiska \$250,000 pwoteksyon pou kay ou ak \$100,000 pwoteksyon omaksimòm pou pwopriyete pèsònèl ou.	Kontra NFIP ofri jiska \$500,000 pwoteksyon pou pwopriyete imobilye ou ak \$500,000 pwoteksyon omaksimòm pou pwopriyete pèsònèl ou.	Kontra NFIP ofri \$100,000 pwoteksyon omaksimòm pou pwopriyete pèsònèl ou.

Si ou vle yon pwoteksyon pou pwopriyete ou ki depase montan kontra NFIP prevwa a, ou ap bezwen pale sa ak yon konpayi asirans ki lisansye nan Florida ki ofri “kontra asirans siplemantè kont inondasyon.”

Kontra asirans siplemantè kont inondasyon se kontra asirans kont inondasyon ki ofri plis pwoteksyon parapò ak montan maksimòm kontra NFIP ou a. Pou ou achte yon kontra asirans siplemantè kont inondasyon, ou dwe gen yon kontra NFIP deja.



Li enpòtan anpil pou ou note kou ou fin achte yon kontra asirans kont inondasyon, jeneralman gen yon **peryòd atant 30 jou** apati dat ou te achte l la pou kontra a antre ann aplikasyon. Gen kèk eksepsyon nan règ sa a, kidonk asire ou diskite periyòd atant 30 jou a ak ajan asirans ou an.

NFIP p ap anile kontra ou a nan ka reklamasyon miltip epi li p ap deside pa renouvle kontra ou a.

Pou plis enfòmasyon konsènan NFIP, ou kapab ale sou sitwèb yo a sou:

www.FEMA.gov/Flood-Insurance

KONTAK ENPÒTAN PWOGRAM NASYONAL ASIRANS KONT INONDASYON

Sitwèb NFIP	www.FEMA.gov/Flood-Insurance
Adrès Imèl NFIP	FloodSmart@FEMA.DHS.gov
Sant Èd NFIP	1-877-336-2627
Jwenn yon Ajan NFIP	1-800-427-4661 www.FloodSmart.gov/Flood-Insurance/Providers
Depoze yon Reklamasyon nan NFIP	Kontakte ajan oswa konpayi asirans ou an
Biwo Avoka Moun ki Pran Asirans kont Inondasyon	www.FEMA.gov/Flood-Insurance/Advocate

ACHTE YON KONTRA ASIRANS KONT INONDASYON APATI YON KONPAYI ASIRANS

Ou kapab achte yon kontra asirans kont inondasyon tou nan yon konpayi asirans yo te otorize vann asirans kont inondasyon nan Florida.

Ou kapab achte yon kontra asirans kont inondasyon tou ki gen limit pwoteksyon ki pi wo, olye yon kontra NFIP, nan yon konpayi asirans. Ou kapab kontakte yon konpayi asirans dirèkteman pou ou diskite opsyon asirans kont inondasyon li yo.

Ou kapab jwenn yon lis konpayi asirans ki gen lisans Biwo Règlemantasyon Asirans Florida a ofri nan:

<https://FLOIR.com/Sections/PandC/FloodInsurance/FloodInsuranceWriter.aspx>

Teste Konesans Ou - Vrè oswa Fo

MWEN TA DWE PANSE ACHE ASIRANS KONT INONDASYON,
MENMSI KAY MWEN AN PA NAN YON ZÒN KI GEN GWO RISK POU LI INONDE.

VRÈ



FEMA rapòte plis pase 40% demann dedomajman pou inondasyon yo depoze nan NFIP soti nan zòn ki pa prezante gwo risk inondasyon.



Akoz plizyè zòn kotyè ak move tan nan Florida, asirans kont inondasyon se yon pwoteksyon enpòtan ou dwe genyen pou kay ou.



Yon (1) pou dlo kapab fè dega ki vo jiska \$25,000 nan kay ou, epi 18 pou dlo oswa plis kapab mande pou ou fè gwo reparasyon.



Pifò kontra asirans pou pwopriyetè kay p ap pwoteje kay ou kont inondasyon.

POU PLIS ENFÒMASYON OSWA ÈD

Pou ou kapab jwenn èd pou tout kesyon oswa enkyetid konsènan opsyon asirans kont inondasyon ou an, ou kapab kontakte:

Divizyon Sèvis pou Konsomatè

Depatman Sèvis Finans nan Florida a

Liy Asistans Telefonik Gratis pou Konsomatè Asirans

1-877-MY-FL-CFO (693-5236)

Pwogram Nasyonal Asirans kont Inondasyon

1-877-336-2627

FLORIDA'S INSURANCE CONSUMER
ADVOCATE
FLORIDA DEPARTMENT OF FINANCIAL SERVICES

Tasha Carter